

## **LEGENDHA GROJOGAN PLETUK ING DHUSUN KRANGGAN DESA JURUG KECAMATAN SOOKO KABUPATEN PONOROGO**

**Yayang Armadani Pratiwi, Dra. Sri Sulistiani, M. Pd**

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

Andaruyayang@yahoo.co.id

### **Abstrak**

. Legendha minangka sawijine kedadeyan kang bener-bener kelakon. Legendha kalebu karya sastra kang ora ditulis nanging digethok tularake kanthi cara lisan. Anane crita rakyat nduwensi pangaribawa kang gedhe tumrap bebrayan. Wujud Legendha Grojogan Pletuk iki bakal kadhudhah nggunakake tintingan folklor. Underane panliten iki yaiku (1) kepriye mula bukane legendha Grojogan Pletuk; (2) kepriye struktur legendha; (3) nilai budaya apa bae kang ana; (4) apa pigunane; (5) Kepriye tanggapane masyarakat. Tujuwan saka panliten iki yaiku (1) njlentrehake mula bukane legendha Grojogan Pletuk; (2) njlentrehake struktur; (3) pigunane; (4) nilai budaya; (5)tanggapane masyarakat.

Teori kang digunakake ing panliten iki yaiku: (1) babagan mula buka legendha nggunakake konsep folklor lisan dening Danadjaya; (2) struktur legendha nggunakake struktur Levi-Straus yaiku struktur kang kasusun saka patang paparan yaiku tataran geografis, ekonomi, tataran sosiologis, tataran kosmologis ;(3) nilai budaya nggunakake konsep Lantini diperang dadi telu yaiku nilai didaktik, etik lan religi; (4) Fungsi legendha nggunakake konsep Bascom; (5) tanggapan masyarakat ngenani panemune warga desa nggawe angket.

Metodhe kang digunakake yaiku metodhe dheskriptif kualitatif. Sumber dhatane panliten arupa crita lisan saka telung informan lan saka buku. Dhatane panliten yaiku asil wawancara karo informan kang ngerteni babagan legendha Grojogan Pletuk. Asile panliten iki bisa diperang dadi papat adhedhasar underane panliten. Sepisan gegambaran mula bukane legendha nduwensi gegayutan karo mula bukane desa Jurug. Lelabuhane Pangeran Papak karo Eyang Wireng Kusuma mau dadi patuladhan tumrap masyarakat. Pangeran Papak kango diutus ngresiki wit miri panji wite malah dikethoki ngantri entek, banjur pas puceke metu banyune lan dijenengne Grojogan Pletuk.

Wujud nilai budaya legendha kuwi ana telu, yaiku: 1) nilai didaktik; 2) nilai etik; 3) nilai religius. Fungsi sajrone legendha Grojogan Pletuk, yaiku: 1) minangka hiburan; 2) minangka alat pangesahan pranata lan lembaga kabudayan; 3) minangka piranti panggulawentah marang anak; 4) minangka piranti kang bisa meksa lan ngawasi aturan masyarakat. Tanggapan masyarakat tumrap legendha Grojogan Pletuk yaiku akeh masyarakat kang ora ngerti ngenani crita legendha Grojogan Pletuk kang samesthine.

### **PURWAKA**

#### **Landhesane Panliten**

Negara Indonesia minangka bangsa kang jembar tlatahe, dumadi saka pulo, suku lan klompok masyarakat kang nduwensi maneka werna kabudayan, kayadene kabudayan nasional, kabudayan dhaerah lan sapanunggalane. Kabudayan dhaerah minangka salah siji unsur kabudayaan nasional. Kabudayan kuwi tuwuhan lan ngrembaka sajrone panguripane manungsa. Mula, wujud kabudayan beda antarane siji lan sijine. Ora ana masyarakat kang ora nduwé kabudayan lan suwalikey ora ana kabudayan tanpa masyarakat panyengkuyunge.

Kabudayan lokal minangka sawijine kabudayan kang isih ngrembaka sajrone masyarakat. Kabudayan kuwi kalebu perangane kabudayan dhaerah kang sipate luwih rowa. Bab kuwi ndadekake kabudayan lokal luwih kenthel tinimbang kabudayan liyane. Kabudayan lokal tansya kagerus karo kabudayan manca.lokal tansya kagerus karo kabudayan manca. Mula masyarakat panyengkuyunge kudu paring kawigaten kang luwih tumrap kabudayane. Koentjaraningrat (1990: 264)

Manungsa lan kabudayan nduwensi gegayutan kang raket. Panguripane manungsa ora bisa uwal saka anane kabutuhan kuwi kang ndadekake manungsa tansah

ngupaya ing panguripane. Mula, bisa diarani yen kabutuhan kuwi tuwuhan saka asil cipta, rasa lan karsane manungsa. Adhedhasar bab kuwi, manungsa kudu tansah ngrumangsani yen panguripane ora bisa dipisahake karo anane kabudayan ing sakiwa tengene mau.

Salah sawijine wujud kabudayan lokal kang isih ngrembaka yaiku folklor. Danandjaya (2007 : 2) ngandharake folklor yaiku separe kabudayan sawijining *kolektif*, kang kasebar lan diwarisake turun-temurun, ing antarane kolektif jinis apa wae, kanthi cara tradisional sajrone versi kang beda, senajan ing wujud lisan utawa tuladha kang disertai karo gerak isyarat utawa alat pambiyantu pangeling (*mnemonic device*).

Danandjaja (2007: 21-22) wujude folklor dibedakake dadi telu yaiku: 1) folklor lisan, 2) folklor separe lisan, 3) folklor dudu lisan. Folklor lisan yaiku folklor kang diciptakake, disebarake lan diwarisake ing bentuk lisan antarane: 1) paribasan, 2) crita prosa rakyat (legendha, mite, dongeng), 3) nyanyian gurindam.

Salah sawijine wujud saka folklor lisan yaiku kabudayan kang diduwensi dening bebrayan, dadi titikane kang asipat individu utawa pakumpulan kang isih ngrembaka yaiku crita prosa rakyat kang awujud legendha. Legendha didheleng saka kalungguhane ing tengah-tengah bebrayan kaya kang wis diandharake

Dundes (sajroning Danandjaja, 2007: 6) menawa gunggunge legendha ing saben kabudayan luwih akeh tinimbang mitos utawa dongeng, amarga legendha nduweni gunggung tipe kang ora winates, utamane legendha enggon-enggonan (*lokallegends*) kang gunggunge luwih akeh yen dibandingake legendha kang bisa ngumbara saka dhaerah siji menyang dhaerah liyane (*migratory legends*), mulane iki alasan dianakake panliten.

Panliten iki ngangkat ngenani legendha kang dadi objek kajiane. Kang mengkono jalanan legendha kalebu ing crita rakyat kang dianggep dening kang nduwe crita kedaeyane sajrone crita iku nyata Danandjaya (2007: 66). Legendha yaiku crita prosa rakyat kang dianggep kaliyan masyarakat yaiku mbahe crita minangka sawijine kedadeyan kang bener-bener kelakoni Danandjaya (2007: 66). Legendha kalebu karya sastra kang ora ditulis, nanging digethuk tularake kanthi cara lisan. Legendha dening para wong tuwa uga digunakake kanggo crita marang anak-anake. Isining lakon crita legendha ora mung asal usule panggonan utawa pirantine, nanging uga anane peranan paraga-paragane kang dianggep nduweni kawibawan marang bebrayan kang nyengkuyung. Akeh banget jinise legendha kang ngrembaka ing satengahe masyarakat. Salah sawijine yaiku *Legendha Grojogan Pletuk* sabanjure di cekak LGP. Legendha kuwi wis kalebu perangan kang ora bisa dipisahake karo masyarakat panyengkuyunge, kabuki kanthi anane saperangan kapitayan kang isih kejaga ngantri saiki.

Anane crita rakyat nduweni pangaribawa kang gedhe tumrap bebrayan Dhusun Jurug. LGP nduweni gegayutan karo mula bukane desa Jurug. Mula, crita legendha kuwi nduweni kaluwihan tinimbang wujud legendha kang liyane. Wujud legendha kuwi uga nduweni kaprabawan kang gedhe tumrap masyarakat, bisa kabuktekae kanthi anane para *wisatawan* kang mrana ing Grojogan Pletuk. Senajan kahanane kaya mangkono, nanging uga isih akeh kang durung ngertenan anane LGP. Mula saka kuwi, bab-bab kaya mangkene kang dadi sawijine lelandhasan kanggo ditliti luwih rowa maneh.

Panliten ngenani LGP minangka sawijine wujud patuladhan kanggo nguri-uri kabudayan Jawa. Panliten iki bisa dadi sarana amrih wujud kabudayan Jawa ora muspra kagerus crita manca kang tansaya digandrungi dening masyarakat.

Saka pamawas ing nduwur nuwuhake pepinginanane panliti kanggo ngudhal lan mbabar LGP amrih ora ilang lan tetep ngrembaka. Panliten arep ngandharake nggawe analisis mula bukane (sejarah), struktur legendha, fungsi, nilai budaya, lan tanggapan masyarakat tumrap kahanane legendha kanthi tintingan folklor. Panliten kaya mangkene iki bisa nggawe semangat generasi mudha-mudhi liyane tumrap sejarah kabudayaane. Kabebe mau, arep diwujudake sajrone laporan panliten kanthi irah-irahan *Legendha Grojogan Pletuk ing Dusun Kranggan, Desa Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo (Tintingan Folklor)*.

#### **Underane Panliten**

Adhedhasar landhesane panliten kang wis diandharake ing ndhuwur, underane panliten yaiku:

- (1) Kepriye mula bukane (sejarah) LGP ing Dhusun Kranggan, Kelurahan Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo?
- (2) Kepriye struktur LGP ing Dhusun Kranggan, Kelurahan Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo?
- (3) Nilai budaya apa bae kang kinandhut ing LGP ing Dhusun Kranggan, Kelurahan Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo?
- (4) Apa fungsi LGP ing Dhusun Kranggan, Kelurahan Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo?
- (5) Kepriye tanggapane masyarakat tumrap LGP ing Dhusun Kranggan, Kelurahan Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo?

#### **Ancase Panliten**

Adhedhasar underane panliten ing ndhuwur bisa ditemokake tujuwan panliten kaya ing ngisor iki:

Njlentrehake mula bukane (sejarah), struktur, nilai budaya, fungsi, lam tanggapan masyarakat tumrap LGP ing Dhusun Kranggan, Kelurahan Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo;

#### **Paedahe Panliten**

Paedahe panliten kaperang dadi 2 yaiku kanthi teoritis lan kanthi cara praktis. Paedahe. Kanthi cara teoretis panaliten iki bisa migunani kanggo nyumbang kawruh bidang folklor lisan, kayata crita rakyat, legenda lan mitos. Klawan cara praktis asil panliten iki migunani kanggo :

- (1) Pamaca, supaya asil panliten iki bisa menehi informasi ngenani LGP ing Dhusun Kranggan, Kelurahan Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo;
- (2) Panulis, supaya bisa nambah wawasan lan kawruh ngenani folklor lisan
- (3) Panliti liyane, supaya bisa dadi referensi
- (4) Pamrentah Kabupaten Ponorogo, khususe ing bidang kabudayaan supaya didadekake bahan dhokumentasi lan bisa ngrembakake folklor lisan;

#### **Watesane Tetembungan**

##### **(1) Folklor**

Folklor isine kawruh, nilai-nilai, sikap-sikap, rasa rumangsa, lan kepercayaan sajrone bentuk tradisional kang digethoktularake lewat lisan utawa adat istiadat Danandjaja (2007: 2).

##### **(2) Folklor Lisan**

*Folklor* lisan yaiku folklor kang diciptakake, disebarake lan diwarisake ing bentuk lisan.

##### **(3) Legendha**

Legendha yaiku crita prosa rakyat kang dianggep embahe crita minangka sawijine kedadeyan kang bener-bener kelakoni Danandjaja (2007: 66).

##### **(4) Grojogan Pletuk**

Grojogan Pletuk yaiku salah sawijine grojogan kang mapan ing Dhusun Kranggan, desa Jurug, kecamatan Sooko, kabupaten Ponorogo.

##### **(5) Struktur Levi-Strauss**

Levi-schrauss ngandharake legendha nduwe sesambungan unit-unit sing ora diisolasi, nanging kalebu relasi sesambungan iki, analisis mitos kayata nyinaoni *miten* lan *sekuen* banjur dadi struktur tunggal (sajrone Endraswara, 2011: 110-115)

(6) Nilai Budaya

Nilai budaya uga mujudake wawasan kang beda ing antarane masyarakat siji lan liyane.

(7) Fungsi

Fungsi arupa alat kang gunane kanggo bebrayan kanggo nyukupi kabutuhane fisike utawa mentale. (Malinowski sajrone Supratno, 2010: 189).

(8) Tanggapan masyarakat

Tanggapan masyarakat yaiku respon kang muncul ngenani sawijine objek panliten.

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

### Konsep Kabudayan

Panguripan kang selaras yaiku panguripan kang nduweni ciri khas lan kabudayan. Manungsa Jawa kalebu manungsa kang nduweni panguripan kang selaras. Kabudayan yaiku sakabehing daya lan gawene manungsa kanggo ngolah lan ngowahi alam. Dideleng saka etimologise, kabudayan asale saka basa Sanskerta *buddayah* minangka wujud jamake tembung *buddi* kang ateges akal utawa budi (Koentjaraningrat, 2000:9).

Basa ibu samesthine diduwensi karo suku-suku kayata wong Jawa uga nduwe basa ibu yaiku basa Jawa. Wong Jawa yaiku wong kang manggon ana ing pulo Jawa lan gawe basa Jawa.dadi wong Jawa yaiku pendhuduk asli bagian Jawa Tengah lan Jawa Wetan pulo Jawa kang nganggo basa Jawa. Tuladha-tuladhane kabudayan akeh banget wujude. Kabudayan lokal salah sawijine wujude yaiku folklore.

### Folklor

Tembung folklor asale saka tembung folk lan lore. Alan Dundes (sajrone Sudikan, 2014: 17) folk tegese saklompok wong kang nduweni ciri-ciri pangental fisik, sosial lan budaya, saengga bisa dibedakake dadi kelompok liyane. Lore minangka tradisi saka folk, yaiku separe kabudayane kang diwarisake kanthi turun tumurun lumantar cara lisan utawa kanthi cara tuladha kang dijangkepi gerak isyarat.(*mneomonic device*).

### Legenda

Legendha yaiku crita prosa rakyat kang dianggep mbahe crita minangka kedadeyan kang wis kelakon, kadadeyane ora pati suwi lan uga kadadeyan ing donya iki. Legendha manut Danandjaja (2007: 125) minangka sawijine jinis prosa rakyat kang nduwe titikan: 1) anonym ( pangriptane ora ngerti); 2) materi critane nduwe hak kolektif; 3) nduwe piguna tartamtu sajrone bebrayan kang buta aksara.

### Struktur Levi-Strauss

Teori Struktur Levi-schrauss ana patang tataran yaiku: 1) tataran geografis, 2) tataran *tecno-economic*, 3)

tataran sosiologis, 4) tataran kosmologis. Rong tataran kang sepisan ana ing andharan ngenani kenyataan empiris sing cukup akurat lan jelas. Tataran katelu awujud gambaran paranata sing nyata nanging kahyal. Tataran sing kapapat ora ana sesambungane karo kenyataan. Patang tataran iki nduwe kode dewe-dewe dimanfaatne manut kebutuhane kanggo nemoni apa wae sing digoleki. Ahimsa-Putra (2001: 124).

### Nilai Budaya

Lantini (1996: 251) uga ngandharake yen nilai budaya kaperang dadi telu yaiku:

- (1) Nilai didaktik yaiku nilai ngenani ajaran agama, budi pekerti, ajaran kasempurnaan diri, ajaran kepriye cara ngabdi dateng raja, ajaran ngenanai kaparwiran lan tata negara.
- (2) Nilai etik yaiku sesambungan sebab-akibat saka sipat-sipat kang apik lan alane manungsa kayata karesnan, taat, lan jujur.
- (3) Nilai religius yaiku nilai kang ana sesambungane karo kapercayan utawa keyakine sawijining wong marang agama, Tuhan bab-bab ing njabane kaluwihane manungsa, antarane aspek ibadah, lan aspek mistik.

### Fungsi Bascom

Folklor lisan nduwe patang fungsi yaiku (a) hiburan (*as a form of amusement*), (b) alat pengesahan paranata-pranata lan lembaga kabudayan, (*it plays in validating culture, in justifying its rituals and institution to those who perfume and observe them*), (c) minangka piranti pangkulawentah marang anak (*it plays in education as pedagogical device*), (d) minangka piranti meksa lan kanggo ngawasi *norma-norma* ing masyarakat (*maintaining conformity to the accepted patterns of behavior, as means of applying social pressure and exercikang social control*). Bascom (sajrone Sudikan, 2014: 151).

### Pangaribawa

Pangaribawa kabudayaan tumrap masyarakat panyengkuyunge yaiku daya kang muncul sajrone kabudayan kang melu mbentuk watak, kepercayaan, lan tanggapan masyarakat. Pangaribawa kabudayan asring ana gayutane karo pangaribawa kabudayan liyane, tegese pangaribawa kabudayan saka masyarakat utawa saklompok tartamtu. Sesambungan kang dilakokake kanthi cara fisik antarane rong masyarakat nduwe pangarep-arep kanggo ngolehne timbal balike, tegese saben masyarakat mangaribawani masyarakat liyane, nanging uga nrima pangaribawa saka masyarakat liyane.

### Landhesane Teori

Sajrone perangan ing ngisor iki bakal diandharake landhesan teori saka sawenehing para ahli kang digunakake kanggo nintingi bab sajrone objek panliten. Lelandhesan kuwi mau, digunakake supaya andharan babagan panliten tansah lumaku adhedhasar konsep kang wis ditemtokake.

Kanggo nintingi landhesane prekara mula bukane (sejarah) LGP digunakake teori folklor lisan, karo diandharake. Danandjaja (2007: 21-22) . Folklor lisan

yaiku folklor kang diciptakake, disebarake lan diwarisake ing bentuk lisan antarane: 1) paribasan, 2) crita prosa rakyat (legendha, mite, dongeng), 3) gurindam.

Struktur legendha nggunakake teori struktur *levi-strauss* yaiku 1) tataran geografis, 2) tataran *tecno-economic*, 3) tataran sosiologis, 4) tataran kosmologis. Rong tataran kang pertama ana ing andharan ngenani kasunyatan empiris kang cukup akurat lan jelas. Tataran ketiga awujud gambaran paranata kang nyata nanging kahyal. Tataran sing ke papat ora ana sesambungane karo kenyataan. Patang tataran iki nduwe kode dewe-dewe dimanfaatne manut kebutuhane kango nemoni apa wae sing digoleki.

Panliten iki nggunakake teori struktur Levi-strauss yaiku ndheskripsikake babagan patang paparan yaiku tataran geografis, *tecno-economics*, tataran sosiologis, tataran kosmologis sajrone legendha asal usul dumadine Grojogan Pletuk ing Dusun Kranggan, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo.

Fungsi gumantung saka masyarakat kang ngrasakake kanthi cara langsung. Fungsi kang ana sajrone LGP ing Dhusun Kranggan, desa Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo nggunakake teorine Bascom yaiku isine patang fungsi yaiku hiburan, piranti pengesahan paranata-pranata lan lembaga kabudayan, minangka piranti panggulawentah kango bocah-bocah, minangka piranti meksa lan kango ngawasi *norma-norma* ing masyarakat.

Panliten iki nggunakake nilai-nilai budaya kango diandharake dening Lantini. Sajrone aspek nilai budaya panliten iki arep njelentrehae nilai didaktik, nilai etik, lan nilai religius kang ditemokake saka LGP ing Dhusun Kranggan, Desa Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo.

Tanggapan masyarakat ngenani LGP yaiku kango mangerteni akeh apa orane masyarakat kang ngerti lan paham ngenani isi lan critani LGP. Tanggapan masyarakat bisa diukur kanthi cara angket.

## METODHE PANLITEN

### Ancangan Panliten

Panliten iki nggunakake panliten kang asipat kualitatif jinis dheskriptif, yaiku ndheskripsi kake makna sajrone objek utawa kedadeyan kang didadekake kajian sajrone panliten. Panliten jinis dheskriptif luwih ngutamakne kwalitas dhata. Dheskriptif sajrone panliten kuwi nduweni teges *eksplorasi*, kango nggambarkerake swasana sosial kanga arep ditliti kanthi jero lan rowa Moleong (2009: 31). Panliten jinis dheskriptif luwih ngutamakne kualitas dhata. Dheskriptif nuntun supaya panliten kang dilakoni mung adhedhasar kasunyatan utawa fenomena empiris kang urip lan ngrembaka sajroning panuture, saengga kango dadi asile yaiku pesen-pesen awujud basa minangka paparan kang apa anane. Metodhe kualitatif menehi kawigaten tumrap dhata alamiah, dhata kango kontekspun gejala sosial kang salaras.

### Sumber Dhata lan Dhatane Panliten

Sumber dhata ing panliten folklor lisan wujude legendha yaiku informan. Informan yaiku pawongan kang dikarepne mangerteni bab-bab ngenani fokus panliten.

Dhata ing panliten iki yaiku pituturan saka informan ngenani cerita legendha kang dadi objek panliten. Anane dhata awujud rekaman lan banjur ngalami proses transkripsi. Asile teka proses alih wacana kango bakal dadi dhata panliten kanggo dianalisis.

### Papan Panliten

Papan panliten ing Dhusun Kranggan, Desa Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo.

### Tata Cara Nglumpukake Dhata

Tata cara nglumpukake dhata kango digawe ing panliten iki yaiku limang cara ing antarane:

(1) Observasi

Ngamati utawa *observasi* kalebu bab kudu ana sajrone panliten mligine panliten lapangan. *Observasi* ditindhakake kanthi upaya nintingi prakara, lan digayutake kasunyatan ing lapangan Maeryani (2005: 68).

(2) Wawancara

Tata cara kango digunakake wawancara yaiku teknik wawancara kanthi cara jero banget. Nggunakake teknik iki ditujukake supaya jawaban kango diwehne kaliyan informan pada karo apa kango dikarepne.

(3) Ngrekam

ngrekam tuturan utawa basa lisan kango diomongne dening informan.

(4) Angket

Angket yaiku saperangan cara kango dilakoni kango nganalisis tumindak lan pananggepe masyarakat kayadene sikap, keyakinan, lsp. Arikunto (2006: 151),

(5) Nyathet

Nyathet dilakokake kango nyathet bab-bab kango wigati. Bab iki dilakokne kango nyathet dhata kango urung kerekam, misale ngenani kabudayan kango ana ing desa kasebut.

### Alih Wacana (Transkripsi)

Alih wacana (transkripsi) saka lisan nang tulisan iku ora gampang, miturut Ricoeur (sajrone Sudikan, 2014: 254) nulis lan nutur utawa tulisan lan tuturan kemampuan manungsa iku asale saka rong bentuk kango beda. Banjur, Hutomo menehi petunjuk sajrone nglakokake transkripsi saka wacana lisan nang tulis. Proses transkripsi kasebut yaiku (1) transkripsi kanthi cara kasar, artine kabeh swara sajrone rekaman dipindahne nang tulisan ora mikirne tanda waca; (2) transkripsi kasebut disempurnakake; (3) sakwise transkripsi disempurnakne, panliti wiwit nekuni asil transkripsikne, kayata menehi tanda waca utawa tanda liya kango dikanggokne, misale tembung-tembung dialek diwenehi garis ngisor; (4) banjur diketik. Teks kango wis dadi dijenengake teks lisan. Teks kasebut kango digawe bahan analisis.

### Tata Cara Panjlentrehane Dhata

Tata cara panjlentrehane dhata minangka bageyan kang ora bisa pisah saka pengumpulan dhata, khususe sajrone panliten folklor lisan. Dhata lan informasi kang kasil lan lanjut ditafsirne maknane kaliyan teori kang digawe. Teknik panjlentrehane dhata kang ditindakake sajrone panliten iki yaiku panjlentrehan dheskriptif. Teknik panjlentrehan dheskriptif digawe kanggo ndeskripsikake dhata-dhata kang wis diolehi ing lapangan, sawise dhata dianalisis lan ditafsirne manut kaliyan rumusan prekarae. Prosedur panjlentrehane dhata sajrone panliten kaya ing ngisor iki:

- (1) Pangumpulan dhata, yaiku awujud cerita LGP saka informan;
- (2) Klasifikasi dhata , yaiku dhata kang wis ana diklasifikasikne utawa digolong-golongne;
- (3) Transkripsi, ngubah dhata lisan nang tulis;
- (4) Terjemahan, yaiku teks folklor lisan kang sampaun ditranskripsikne, banjur diterjemahake ing basa Indonesia.
- (5) panjlentrehane dhata, yaiku njlentrehene dhata ngenani legendha kasebut kaliyan teori kang wis ditemtokake yaiku nggunakake teori struktur, fungsi, nilai budaya, lan tanggapan masyarakat ngenani legendha kanthi cara nafsirake (*interpretasi*). Sajrone analisis dhata panliti njlentrehake utawa nafsirake cuplikan-cuplikan kang nuduhake struktur, fungsi, nilai lan tanggapan masyarakat ngenani LGP.
- (6) Saka andhran kang wis ana mau, banjur diwujudake dudutan babagan ringkesing isi panliten kang mujudake tintingan wutuhe amrih bisa dingertenii para pamaos.

### ANDHARAN ASILE PANLITEN

#### Gegambaran Desa Jurug

Gegambaran saka Desa Jurug iki minangka gegambaran marang wong kang durung mangertenii kahanan Desa Jurug kanthi cetha. Kanthi anane gegambaran iki bebrayan bisa mangertenii kahanan LGP ing Desa Jurug. Tingkat pendhidhikan, agama, basa, pangupajiwa lan lembaga liyane bakal menehi pangaribawa tumrap legendha iki. Kabeh mau kang bakal diandharake ing ngisor iki.

#### Kahanan Alam Desa Jurug

Dhusun Kranggan minangka bageyan saka Desa Jurug Kecamatan Sooko Kabupaten Ponorogo. Dunung geografise Desa Jurug yaiku ing  $111^{\circ} 38' BT$  lan  $7^{\circ} 53' LS$ . Dhuwure antarane  $\pm 450$  m nganthingi  $650$  m saka lumahé segara

#### Mula Bukane Desa Jurug Adhedhasar Buku Sejarah Desa

Potret jaman biyen ngenani madege desa Jurug bisa dimangertenii ana ing buku sejarah desa. Wujud saka crita mula bukane Desa Jurug ana ing buku *Sejarah Desa Jurug anggitane Setya Budi, S.Pd* kaya andharan iki.

“ Diwiwiti saka silsilah Eyang Wireng Kusuma ing jaman Kerajaan Mataram Kuno, urip pawongan kang agamane Hindu, dheweke yaiku Rakyat Worawari.

Kerajaan kasebut mapan ing Lereng Gunung Merapi wilayah Jawa Tengah.” ( LD II, hal 150)

Crita iki ngenani cikal bakale desa Jurug diwiwiti saka silsilah Eyang Wireng Kusuma. Wiwitane crita kuwi jaman kerajaan Mataram Kuno, ana tokoh kang jenenge Rakyat Worawari mapane ana ing ereng-ereng Gunung Merapi. Rakyat Worawari tokoh kang nganut agama Hindu.

Sakliyane kuwi Eyang Wireng lan para punggawane uga ngajarake ilmu kadigdayan amrih masyarakat Jurug bisa urip kanthi tentrem lan sentosa. Indrajaya Candi Kusuma oleh julukan Ki Juru Mretani, amarga panjenganipun pinter sajrone bab nenanduran lan uga dikenal minangka Wireng Kusuma.” (LD II, hal 155)

Peran utawa kawruh saka Eyang Wireng Kusuma ora mung bab tetanen uga bab kadigdayan. Bab kadigdayan maringi paedah supaya warga desa Jurug bisa njaga awake dhewe lan uripe ayem tentrem. Bab kadigdayan nduwe pangaribawa kang gedhe tumrap masyarakat desa Jurug kanggo njaga awak lan wong liya. Sapa wae kang nduwe utawa ahli ing babagan ilmu iki bakal dikurmati dening liyane. Ngenani bab ilmu kadigdayan iki kang paling wigati tujuwane kanggo mbela kang bener lan nglurusake prekara kang ana. Sakabehe prekara becike diselesaikne dhisik karo musyawarah kanggo nemu mufakate.

#### Mula Bukane Desa Jurug Adhedhasar Wawancara Informan

Crita kedadeyan kang ana ing abad 16 yaiku ngenani tekane punggawane Raja Pajang. Punggawane Raja Pajang kapusan karo Ambarwati anake Kyai Juru kang macak dadi Kyai Juru. Ambarwati putri kang pinter lan wicaksana. Saka pintere Ambarwati, bisa kabukten pititure mesthi gawe bungahe wong kang ngrungokake. Semana uga punggawane Raja Pajang kang nggumun karo pintere Kyai Juru. Teka pintere Ambarwati kang ngapusi para punggawane Raja Pajang, nyebabake Raja Pajang nesu. Bisa kabukten ing cuplikan ngisor iki.

“Ngerti yen diapusi raja Pajang langsung ngongkon punggawane mrene kanggo marani si Ambarwati. Kyai Juru ngerti karo rencanane Raja Pajang dheweke ngongkon anake mbak kanggo nemoni utusane kerajaan ing pinggire kali gedhe ing dhaerah Madiun. Dadi perang lan korbane akeh banjur panggonan kuwi mau dijenengne Desa Jiwan.( LD I, hal 138)

Kahanan dumadine perang antarane pasukane Ambarwati karo punggawane saka Kerajaan Pajang rame banget. Perang kuwi mau nyebabake cebloke korban kang akeh. Kedadeyan perang iki kang nyebabake akeh-

korban kang mati. Kedadeyan perang iki uga kalebu bukti dadine desa kang jenenge Jiwan. Dijenengake jiwan amarga akeh jiwa kang dadi korban perang. Desa Jiwan mapan ana ing tlatah Madiun. Sawise kedadeyan kang ndadekake desa Jiwan, Kerajaan Pajang durung puwas anggone nggodhak Ambarwati lan pasukane. Kerajaan Pajang nambah serangan kang luwih gedhe, tujuwane arep ngluruk desa asale Kyai Juru. Kabukten ana ing ngisor iki.

“Ambarwati matur marang bapake yen panggonan iki arep di lurug. Sawise kuwi Kyai juru ngongkon anake kanggo nyamar dadi dheweke lan manut karo Raja Pajang. Amarga kedadeyan ana Kyai jenenge Kyai Juru manggone ana lurug dadi jenenge desa JURUG” (LD I, hal 138)

Kahanane desa Jiwan ora karuhan sawise perang. Kyai Juru krungu kabar yen desa asale arep di lurug yaiku arep diurugi utawa arep diambrukne dening Raja Pajang, nyebabake Kyai Juru bingung. Kyai Juru ngongkon anake nyamar maneh lan gelem digawa menyang Kerajaan Pajang. Dumadine kedadeyan kuwi mau asal usul jenenge desa Jurug iku asline saka anane Kyai Juru kang papane arep dilurug. Mula saka kuwi desa kana dening Eyang Wireng Kusuma utawa Kyai Juru dijenengake Desa Jurug.

#### Mula Bukane Legendha Grojogan Pletuk

Mula bukane *LGP* nduweni gegayutan kang raket karo sejarah desa Jurug. Jaman agama Islam durung mlebu ing desa Jurug ditekani dening Raden Indrajaya Candra Kusuma utawa kondhang kanthi sebutan Eyang Wireng Kusuma. Ing kene wis ana legendha ngenani dumadine Grojogan Pletuk kang mapan ing Desa Jurug, Bab iku kaya andharan iki.

“Sejarahipun sareng dugi miri panji niku dikengken ngilari boten dipun potong-potong. Sejatinipun dikengken ngresiki la kok dugi mríku malah dikethoki, lajeng dheweke si Pangeran Papak kesiku karo ingkang mbabat desa Jurug yaiku Eyang Wireng Kusuma. Eyang boten trima yen miri panji niku dipun kethoki akibate dumadi tawur utawa perang.” (LD I, hal 140)

Dhek jaman biyen ana tokoh jenenge Pangeran Papak. Pangeran Papak kang diwenehi tugas kanggo nglari utawa ngresiki papan kang akeh wit miri panjine. Wit miri panji yaiku wit miri kang tuwuhan subur ing desa Jurug. Pangeran Papak salah panampa ngenani tugase, dikirane tugase “nglari” wit miri panji yaiku wit miri panji kudu dikethoki, bab kaya mangkono kang nyebabake kang nduwe desa nesu. Asline Pangeran Papak wis manut karo tugase yaiku nglari wit miri panji, iku mujudake Pangeran Papak wong kang nduweni sifat taat, nanging ora nggatekne apa kang dadi printahe. Kabeh prekara mau kang miwiti anane *LGP*.

“saka tembung *tuk* kang artine pucuke miripanji kuwi mau metu banyune. Mbesuk yen enek reja-rejane jaman tak jenengake *Grojogan Pletuk* manggone rodhok lucu mbak nek ngethok pucuke mencolot nang dhaerah Kranggan kang njenengne Grojogan yo Eyang Wireng Kusuma.” (LD I, hal 141)

Asal mula dijenengake Grojogan Pletuk ing desa Jurug. Nalika semana jalaran saka kethokane wit miri panji, mencolote pucuke kayu cebloke ing dhusun Kranggan lan metu banyune dadi grojogan. Tembung pletuk saka tembung “*tuk*” kang tegese pucuk. Pucuk kang dimaksud yaiku pucuke wit miri panji kang dikethoki dening Pangeran Papak. Mula saka kuwi Eyang Wireng Kusuma njennegake grojogan dadi Grojogan Pletuk.

#### Gegayutan Gegambaran desa Jurug tumrap Legendha Grojogan Pletuk

Gegambaran alam desa Jurug uga nduweni gegayutan karo kahanane *LGP*. Kaprecayan masyarakat tumrap legendha kuwi ndadekake masyarakat tansah njaga kahanan alam ing sakupenge. Sakabehe kedadeyan legendha iku mau asal usule saka crita ngenani wit miri panji kang diresiki karo Pangeran Papak. Diresiki tegese ora mung diresiki, nanging dikethoki nganthi entek. Saliyane kuwi njaga kahanan alam minangka sawijine wujud ngrembakake legendha kang ana amarga papan kuwi dadi sawijine cikal-bakal crita legendha.

#### Struktur Levi-Strauss

Struktur Levi-Strauss yaiku sesambungan antarane unsur-unsur pambentuk kang isine yaiku ngenani tataran geografis, tataran *techno-economis*, tataran sosiologis, lan tataran kosmologis

#### Struktur Geografis

Manut tataran Geografis, Dhusun Kranggan strategis lan adoh saka padete lalu lintas masyarakat. Jarak dhusun Kranggan saka kutha Ponorogo kurang luwih ± 35 Km. Dhusun Kranggan, Desa Jurug ana ing dhaerah dataran tinggi. Jarak antarane desa siji lan sijine kira-kira 1-2 Km. “awale saka cikal bakale pletuk, buku sejaraha Desa Jurug wonten ing daleme Pak lurah kula tangletake dereng wonten, bibit sekawitipun wonten Pangeran Papak, pletuk 2,5 Km saking mriki.” (LD I, hal 138)

Jarak pletuk saka pusat pamrentahane desa Jurug kira-kira kurang luwih 2,5 km. Desa Jurug kasusun saka enam dhusun ing antarane dhusun Jurug, Kranggan, Plongko, Setumbal, Serayu lan Nglegak

#### Struktur Ekonomi

Tani minangka pilihan masyarakat sajrone nyukupi urip saben dinane karo cara tetanen, nanging masyarakat bisa nandur apa wae asal ora, kedhele lan ketan ireng. Nandur

dhele lan ketan ireng ngono kuwi kalebu larangan kang ana ing desa Jurug. Larangan kaya mangkono bisa kabukten ing cuplikan ngisor iki.

“Laranganipun Desa Jurug ora oleh nandur dhele, ketan ireng lan kelan ontong, niku rumiyin kula ngalami piyambak bapak kula gadah bengkok wayah panen dhele bapak kula langsung gerah.” (LD I, hal 148)

Struktur ekonomi didheleng saka pangupajiwa awujud tani, bisa nandur apa wae angger ora nandur dhele lan ketan ireng. Ora oleh nandur dhele lan ketan ireng amarga yen sengaja utawa ora bakal ana hukumane. Iki mujudake bukti ngenani anane hukum adat ing desa Jurug.

### **Struktur Sosiologis**

Sajrone crita legendha iki nyritakake Pangeran Papak minangka tokoh utama kang nduweni sipat ora tanggung jawab karo tugase. Ora tanggung jawabe Pangeran Papak amarga dheweke sawise ngethoki wit miri panji ngantri entek, Pangeran Papak ora wani ngakoni kesalahane malah mlayu teka endi-endi. Beda karo masyarakat Jurug, masyarakat Jurug nduweni sikap ramah lan hormat marang liyane. Bisa kabukten kaya ing ngisor iki:

“Sejarahipun sareng dugi miri panji niku dikengken ngilari boten dipun potong-potong. Sejatinipun dikengken ngresiki la kok dugi mriku malah dikethoki, lajeng dheweke si Pangeran Papak kesiku karo ingkang mbabat desa Jurug yaiku Eyang Wireng Kusuma. Eyang boten trima yen miri panji niku dipon kethoki akibate dumadi tawur utawa perang. (LD I, hal 140)

Pangeran Papak kang dadi tokoh utama sajrone LGP, sejarahe jaman semana Pangeran Papak kang salah panampa ngenani tugase yaiku dikongkon ngresiki wit miri panji malah dikethoki ngantri entek. Pangeran Papak diusir karo Eyang Wireng Kusuma. Mula saka kuwi, anane perang utawa tawuran antarane Pangeran Papak karo Eyang Wireng Kusuma kang mbabat desa Jurug. Eyang Wireng Kusuma yaiku wong kang nduwe pangaribawa gedhe kango masyarakat desa Jurug. Perjuangan lan pengorbanane Eyang Wireng Kusuma disimpen lan didadekne pesarean kang dikurmati. Pesarean Eyang Wireng Kusuma ing desa Jurug kang dihormati karo masyarakat desa Jurug kanthi sebutan *Gedong Setono Jurug*.

### **Struktur Kosmologis**

Manungsa percaya yen sejatine ing donya iki, ana donya nyata lan donya ghaib kabeh lumaku bebarengan. Masyarakat Desa Jurug taksih percaya karo unsur-unsur ghaib kang ora bisa didheleng langsung. Ngomongne prekara ghaib ora bisa uwal karo kangojeneng kaprecayaan. Urusan ghaib bisane didheleng gawe

lantaran-lantaran kang kadang ora kena dinalar. Sajrone LGP ana papan-papan kang isih ana mistise utawa nuansane isih wingit. Bisa kabukten ing ngisor iki.

“Punggawa alas dheweke ora wani nang alas.wonten salah sawijining masyarakat nyolong kayu. Duduk wekane ojo dijupuk bar kuwi mantrine ilang nang alas. (LD I, hal 141)

Crita mistis sajrone dhaerah Grojogan Pletuk isih akeh. Nalika ana warga kang nyolong kayu nang alas sajrone kawasan Grojogan Pletuk, biyasane sesuke wonge kang nyolong kayu kuwi mau ilang utawa mati. Ilang utawa matine ora ana kang mangertenipanyebabe. Iki kang dadi pitakonan ngantri saprene. Mula saka kuwi bisa kadudut yen mitos ing dhaerah Jurug iki isih ana ngantri saiki

### **Nilai Didaktik**

Nilai didaktik yaiku ajaran. Ajaran kang dimaksud bisa awujud ajaran agama, budi pekerti, ajaran sampurnane awak, ajaran kepriye carane ngabdi marang Raja, ajaran ngenani kepahlawanan lan ketatanegaraan. Kang sepisan ngenani ajaran agama.

“bebarengan ing taun iki Hyang Sindura, Andayaningrat, Begawan Panuluh, Endang Preji tilar donya. Putra-putrane Andayaingrat padha bingung apa kango bakal ditindakake. Kabeh pada njaluk pitulungan marang Sang Hyang Jagad.” (LD I, hal 151)

Ajaran agama yaiku ajaran ngenani cara ngabdi marang kang kuwasa. Putra-putrine Andayaningrat lan Endang Preji padha-padha njaluk pitulungan marang kang kuwasa. Njaluk pitulungan marang Sang Hyang Jagad ngenani dalam saka prekara kangoana. Sakabebe prekara kangoana ing donya iki pasti temu dalam metune. Kabeh ora uwal saka ridhonni Gusti kango maha kuwasa. Sepinter-pintere manungsa bakal mbalik karo Gustine.

### **Nilai Etik**

Nilai etik yaiku sesambungan sebab-akibate saka anane sipat-sipat kang apik lan alane manungsa. Nilai Etik uga diarani akibat anane kekuwasaan kang dilandasi karo *hawa nafsu* sarta kepenginane. Nilai etik kayata: kasetyane, taat lan jujur. Nilai etik ing LGP nggambarkerake sikap Mbah Pujo kang nunjukake kasetyane marang kango mbaureksa Grojogan Pletuk. Panjenengane tetep setya njalanake pakaryane yaiku ngurusni Grojogan Pletuk ngantri saiki. Petunjuk mangkono kaya kutipan ing ngisor iki:

“aku kat 2006 nang kene kadang dipala karo kango mbaureksa ngantri merot akhire njaluk seura mbalik asline. Iki wilayah ora bisa ditembus karo wong perhutani isa copot iso mati. Sejarahe enek wong nyolong kayu dipateni karo mantra nganggo

syarat sak suwene neng pletuk ora srandalan.”(LD I, hal 145)

Mbah Pujo telaten ngopeni Grojogan Pletuk mujudake sebageyan bukti ngenani kasetyane Mbah Pujo marang Eyang Wireng Kusuma kang mbaureksa Grojogan Pletuk. Nilai kasetyane kagambar saka prilakune mbah Pujo kang gelem nuruti syarate kang ditawakne dening kang mbaureksa Grojogan Pletuk. Syarate yaiku mbah Pujo ora tau srandalan sajrone ngopeni Grojogan Pletuk. Iku wujud rasa setya, taat lan patuhe mbah Pujo marang Eyang Wireng Kusuma

### Nilai Religius

Nilai religius yaiku nilai kang sesambungane karo kaprecayan utawa keyakinan marang agama, Tuhan utawa hal-hal kang ana sajabane kemampuan manungsa. Saben pawongan kudu usaha, lan mangertenai asal sarta tujuwan sajrone urip. Kanthi cara nyedhekake awak marang Gusti Allah SWT, saben wong arep ngerti panggonan sabanjure.

“Laranganipun Desa Jurug ora oleh nandur dhele, ketan ireng lan kelan ontong, niku rumiyin kula ngalami piyambak bapak kula gadah bengkok wayah panen dhele bapak kula langsung gerah.” (LD I, hal 148)

Tuladhané kaprecayan tumrap larangan kang ana ing desa Jurug. Larangan iki sipate wajib. Crita pengalamane Pak Nardi ngenani akibate nandur dhele ing bengkoke dhewe. Wiwitane panene dhele asile akeh, nanging teka asile dhele kang akeh mau langsung nggawe bapake Pak Nardi gerah. Gerahe bapake pak Nardi amarga larangan kang ana ing desa dilanggar.

### Fungsi sajrone Legendha Grojogan Pletuk

Wujud fungsi tumrap *LGP* bakal diandharake kanthi luwih rowa tur cetha maneh. Panlitén iki nggunakkae teori Bascom yaiku folklor nduwéni patang piguna yaiku (a) hiburan (*as a form of amusement*), (b) piranti kanggo ngesahne pranata-pranata lan lembaga kabudayan, (*it plays in validating culture, in justifying its rituals and institution to those who perfume and observe them*), (c) minangka piranti panggulawenthah bocah-bocah (*it plays in education as pedagogical device*), lan (d) minangka piranti kanggo meksa lan ngawasi norma-norma masyarakat kang kudu dijangkepi karo anggota masyarakatate (*maintaining conformity to the accepted patterns of behavior, as means of applying social pressure and exercikang social control*).

### Fungsi Hiburan

Grojogan Pletuk minangka salah sawijine papan panggonan kang dijaga karo masyarakat desa Jurug. Papan panggonan kang didadekne papan wisata kanggo masyarakat Ponorogo lan sakupenge. Kahanan kaya mangkono bisa dibuktékake karo akehe masyarakat kang teka saka pirang-pirang golongan, apik saka bocah nem-neman ngantri dheweke kang wis tuwa. Kahanan endahe Grojogan Pletuk bisa gawe sakabehe pawongan

kepincut nyawang anugrahe Gusti kang manggon ing desa Jurug.

“ing grojogan wonten keran mas saya rame banyune saya banter saiki keadaane kaya ngenen banyune ora metu. Ingwayah liburan mesthi rame banget dhek iku banyu kang nang njero keran mas uga metune banter.(LD I, hal 146)

Fungsi saka keran mas yaiku kanggo ngukur reja apa ora rejane wisata Grojogan Pletuk. Nyiritakake ngenani kahanane wektu liburan, keran mas metu banyune saya banter amarga akeh wong kang menyang Grojogan Pletuk. Akeh wong kang mrana menehi rezeki kanggo masyarakat desa Jurug. Grojogan Pletuk yen kahanane rame gawe perekonomian ing kawasan grojogan katon urip lan mlaku.

### Piranti ngesahne pranata-pranata lan lembaga kabudayan

Grojogan Pletuk nduwe fungsi utawa piguna minangka papan kanggo *asset* wisata ing desa Jurug. Akeh kang gawe Grojogan Pletuk kuwi papan kanggo ritual, lan liya-liyane. Salah sijine yen mlebu wayahé mangsa tiga, udan ing dhaerah Jurug jarang utawa malah blas. Masyarakat Jurug asring ngadakake ritual ngedusi kucing. Ritual ngedusi kucing kuwi kanggo nekakake udan ing dhaerah kana. Bisa kabukten ing ngisor iki.

“Wiwit kuna wis enek akhir 2006 dikelola nalika urung enen dalan metune kana dhek nganggo tamar. Ilmu jawa tiga panjang njaluk udan alas setrika yaiku ngedusi kucing karo murak tumpeng. Karang taruna gawe jalan setapak ngantri teka kana. (LD I, hal 144)

Tradhisé iki isih kejaga ngantri saprene ora lali ubarampene tradhisé alas setrika utawa ngedusi kucing. Tradhisé alas setrika iki ditindakake ora saben taun, nanging saben desa Jurug ngalami kahanan kang angel ngolehne banyu utawa mlebu mangsa tiga kang dawa banget. Prosesi ngedusi kucing mapan ana ing Grojogan Plethuk. Prosesi tradhisé dipimpin karo sesepuh desa, banjur salah siji tumpeng dilarung ana kedhung sangisore Grojogan Plethuk. Tumpeng kang sijine kanggo dipurak bareng-bareng, nanging irisan kang pertama diwenehne sesepuh desa kanggo rasa hormat. Tumpeng dipurak bareng-bareng masyarakat desa Jurug nglambangake kerukunan. Biyasane ing acara ngedusi kucing durung rampung yen murak tumpeng udane wis ceblok ing desa Jurug lan sakupenge.

### Piranti Panggulawenthah Anak

Pendhidhikan mujudake bab kang wigati saben pawongan, amarga kanthi pendhidhikan bisa ngowahi sikap pola pikire wong. Pendhidhikan bisa dipikolehi saka lingkungan kaluwarga, sekolah lan masyarakat.

Legendha kalebu sarana kanggo mujudake pendhidhikan tumrap masyarakat, luwih-luwih tumrap para siswa minangka generasi peneruse bangsa. Semana uga *LGP* kang kasusun saka nilai- nilai ajaran bisa digunakanake kanggo mujudake kawruh marang masyarakat. Pendhidhikan sajrone crita *LGP* yaiku saben pawongan yen dikongkon karo sapa wae uga kudu nglakoni manut apa kang dikongkon aja malah sakarepe dhewe. Kudu tanggung jawab karo tugas kang diwenehne kanthi ikhlas lan semangat kang gedhe amarga apa wae tumindake bakal ngunduh wohe pekerti. Ngunduh wohe pakerti yaiku ngunduh asil saka tumindak kang wis ditindakake. Bab kasebut ana ing kutipan kayata ing ngisor iki:

“Sejarahipun sareng dugi miri panji niku dikengken ngilari boten dipun potong-potong. Sejatinipun dikengken ngresiki la kok dugi mriku malah dikethoki, lajeng dheweke si Pangeran Papak kesiku karo ingkang mbabat desa Jurug yaiku Eyang Wireng Kusuma. Eyang boten trima yen miri panji niku dipon kethoki akibate dumadi tawur utawa perang.

(LD I, hal 140)

Pangeran Papak kang dikongkon ngilari wit miri panji malah dikethoki ngantri entek. Kedadayan wit miri panji dikethoki nggawe Pangeran Papak diusir karo kang mbaureksa desa Jurug. Eyang Wireng Kusuma rumangsa digodha banjur kedadeyan perang antarane salorone.

### Tanggapan Masyarakat tumrap Legendha Grojogan Pletuk

Tanggapan masyarakat ngenani kahanane *LGP* didheleng saka asile angket panemune masyarakat bisa kadudut akeh kang ora ngerti sejarah asline dadine Grojogan Pletuk. Akeh-akehe masyarakat kuwi nerka-nerka jenenge Grojogan Pletuk digayutake karo kahanane grojogan dadi ora asli sejarah, kayadene cuplikan ing ngisor iki:

“Rumiyin Grojogan Pletuk namine Grojogan sewu. Tembung pletuk saka toyane ingkang grojog mung pletuk-pletuk dados embun (pedhut) butiran air. Tiyang mriki mrastani PLETUK dadi Grojogan Pletuk.”(LD I, hal 141)

Masyarakat akeh kang ora ngerti karo sejarah asli dumadine Grojogan Pletuk. Kabeh pada nerka-nerka yen diarani pletuk amarga banyune sing metune mung pletuk-pletuk lan swarane sing tuk-tuk. Saka asile angket warga desa Jurug kaya-kaya mung sangertine lan saithik kang paham. Kabukten teka asile angket kang cacahe *sampel* ana sepuluh kang kaperang dadi rong klompok yaiku bocah lan para sepuh.

### Panemune Bocah-bocah

Pitakonan ngenani ngerti utawa orane karo *LGP* bocah-bocah padha ora mangerten. Apa maneh ngenani Pangeran Papak kang dadi tokoh utama sajrone *LGP*.

Faktor-faktor kang nyebabake bocah-bocah saiki ora ngerti karo crita legendha dhaerahe dhewe amarga kurange pengetahuane para sepuh ngenani legendha lan kurange informasi panyengkuyunge. Kaya cuplikan ngisor iki.

“Grojogan Pletuk banyune adem, seger, resik, nanging dalane Rusak.”  
(Agung, SMPN 1 SOOKO)

Manut panemune bocah-bocah sajrone angket panliten, fungsi *LGP* kanggo hiburan. Tegese hiburan yaiku Grojogane Pletuk bisa dadi papan wisata kang ana ing desa Jurug. Papan wisata kang endah, nanging teka fasilitase kurang layak lan dalane arep nang grojokan rusak.

### Panemune Para Sepuh

Pitakonan kang kepisan yaiku ngenani ngerti utawa orane masyarakat karo *LGP*. Saka *sampel* para sepuh kang ngerti babagan *LGP* mung Pak Danang Kepala Desa Jurug lan Bu Tatik Kepala Sekolah SDN 1 Jurug Sooko. Pak Danang lan Bu Tatik mangerten bener ngenani *LGP*. Sapa sejatinne Pgneran Papak kaya ing ngisor iki.

“kula ngertos sapa Pangeran Papak. Pangeran Papak asale saka Keraton Mataram. Sipate Pangeran Papak manut nanging grusa-grusu.” (Tatik, Kepsek SDN 1 Sooko)

Pitakonan kang sabanjure yaiku ngrengbug ngenani Pangeran Papak, manut andharanipun Bu Tatik lan Pak Danang asale Pangeran Papak saka Keraton Mataram. Pangeran Papak nduwensi sipat yaiku miturute Bu Tatik yaiku apikan, manut, nanging grusa-grusu. Grusa-grusu yaiku sipat kang kurang setiti lan ati-ati. Padha karo panemune Pak Danang, Pangeran Papak nduve sipat kang manut, jujur, nanging kurang sabar saben nindakake pakaryan.

Saka *sampel* bisa didheleng yen masyarakat desa Jurug padha percaya ngenani *LGP*, senajan akeh kang ora ngerti critane. Olehe crita *LGP* teka mbahe lan para sesepuh desa.

### PANUTUP

#### Dudutan

Asile panliten iki yaiku Inti crita *LGP* yaiku nalika semono ing desa Jurug ana wit ing dhusun setumbal yaiku wit miri panji. Wit miri Panji yaiku wit kang wohe miri. Anane Pangeran saka Keraton Mataram yaiku jenenge Pangeran Papak dikongkon ngilari wit miri panji. Pangeran dhek mau dikongkon ngresiki dhaerah kang ana wit miri panji kuwi mau. Pangeran Papak salah penampa tumrap tugase. Salahe Pangeran Papak malah ngethoki wit miri panji ngantri entek mesthine ora dikethoki namung diresiki mula saka kuwi dheweke disalahne karo kang mbaureksa desa Jurug. Eyang Wireng Kusuma kang mbaureksa desa Jurug ngamuk lan ora trima yen wilayah diontran-ontran. Pangeran Papak banjur kesiku utawa dikongkon ngalih. Banjur dadi perang ing antarane salorone. Pucuke

mlethik ngantri teka dhusun Kranggan yaiku ing dhaerah desa Jurug dhaerahe Eyang Wireng Kusuma. Saka pucuke wit miri panji mau metu banyune, banjur Eyang Wireng rada kaget. Eyang Wireng Kusuma nduweni panemu mbesuk yen ana reja-rejane jaman grojogan iki bakal tak jenengake *Grojogan Pletuk*.

Struktur Legendha Grojogan Pletuk ana ing Dhusun Kranggan, Desa Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo yaiku (a) dunung geografise Grojogan Pletuk strategis lan adoh saka padete lalu lintas masyarakat, amarga jarak saka kutha Ponorogo kurang luwih ± 35 Km, ana ing dhaerah dataran tinggi, (b) struktur ekonomi, pangupajawa ing desa Jurug yaiku tani karo buruh tani kang akeh, tukang, dagang, PNS, lsp (c) struktur kosmologis, sajrone carita LGP masyarakat ing desa Jurug isih percaya karo bab-bab ghaib. Anane watu lemari ing Grojogan Pletuk yaiku papan kanggo nggolek rezeki kang cepet kayata pesugihan, ora usah mrana apa kang dipengeni teka dhewe nanging ngoton niku akeh kang ora langgeng, (d) struktur sosiologis, sajrone crita LGP iki ngandharake yen Pangeran Papak minangka tokoh utama kang nduweni sipat ora tanggung jawab karo tugase. Desa Jurug nduwe pesarean Eyang Wireng Kusuma kang dihormati karo masyarakat desa Jurug amarga mbiyen Eyang Wireng Kusuma kang mbabad desa Jurug.

Nilai budaya sajrone crita LGP ana telung nilai yaiku nilai didaktik, nilai etik lan nilai religius. Nilai didaktik yaiku nilai kang ngemut ajaran kang turun-temurun. Tuladhané yaiku tradhisi kang ana ing desa Jurug yaiku tradhisi alas setrika yaiku tradhisi kang nduweni ajaran kang turun-temurun diwarisne kanggo peneruse.

Tradhisi alas setrika yaiku tradhisi nekakake udan ing mangsa tiga kang nduweni ubarampe kucing lan tumpeng. Nilai etik yaiku nilai kang isine ngenani sebab-akibate perkara kang ana ing masyarakat. Tuladhané kasetyane mbah Pujo marang kang mbaureksa Grojogan Pletuk yaiku Eyang Wireng Kusuma. Kasetyane kang nggawe mbah Pujo nindakake syarate saka eyang yaiku ora tau srandalan sajrone ngopeni Grojogan Pletuk, iku wujud rasa setya, taat lan patuhe mbah Pujo.

Nilai religius yaiku nilai kang pungkasan isine ngenani ajaran-ajaran agama utawa kaprecayaan kang ana ing masyarakat desa Jurug. Tuladhané larangan kang ana ing dhaerah Grojogan Pletuk yaiku sapa wae kang kepengin njupuk gambar utawa video wajib kudu ngejak juru kuncene yaiku mbah Pujo. Kudu ngejak mbah Pujo amarga yen ora bisa-bisa gambar utawa video kang wis dijupuk bakale diowahi karo kang mbaureksa Grojogan Pletuk. Diowahi gambare biyasane dadi naga gedhe utawa gambare rusak.

Nilai liyane kang ana ing LGP yaiku ngenani sikap lan sipate Pangeran Papak lan Eyang Wireng Kusuma didadekake tuladha utawa paugeran kanggo masyarakat sakupenge senadyan Pangeran Papak ora nindakake kewajibane nanging sipate kang taat karo atasan iku mujudake nilai budaya sajrone masyarakat kang awujud unggah-ungguh lan tata krama.

Fungsi LGP kaperang dadi telu yaiku: (a) wujud hiburan, yaiku papan panggonan kang awale kalebu

kawasan perhutani lan swasanane angker (wingit) owah dadi papan wisata kang endah, nyenengake lan ngibur masyarakat, (b) piranti ngesahne pranata-pranata lan lembaga kabudayan, ing mangsa tiga kudu diadakake tradhisi *alas setrika* yaiku kegiyatane ngedusi kucing lan murak tumpeng mapane ing kawasan Grojogan Pletuk, (c) piranti kanggo panggulawenthah bocah-bocah, ngenani rasa tanggung jawab mujudake kunci utama urip ing masyarakat, lan nuwuahake kaprecayan marang masyarakat. Wujud tanggung jawab uga kudu dibarengi karo usaha, doa, lan ikhlas. Ora kaya apa kang ditindakake Pangeran Papak kang ora tanggung jawab karo tugase yaiku ora nindakake adhedhasar karo printah lan ora tanggung jawab banjur mlayu teka endi-endi. Mula ora nindakake printah kang samestine, Pangeran Papak gawe kang mbaureksa desa Jurug nesu lan ora trima, (d) piranti kanggo meksa lan ngawasi norma-norma masyarakat kudu ditaati, saben taun cikal bakale desa Jurug njaluk tumbal cacahe siji kanggo kesejahteraane masyarakat desa Jurug. Iki ngono yen dinalar mesthi ora tau temu nalare amarga iki salah siji wujud kanggo meksa lan ngawasi, supaya norma-norma masyarakat kuwi tetep ditindakake.

Masyarakat akeh kang ora mangerten iku sejarahé asline dadine Grojogan Pletuk. Kabeh pada nerka-nerka ngarani jenenge *pletuk* amarga banyune kang metune mung pletuk-pletuk. Saka asile angket warga desa Jurug akeh warga kang ora ngerti lan sethithik kang paham lan ngerti sejatine carita LGP. Kang mangerten kanthi tenanan ngenani LGP yaiku para sesepuh-sesepuh desa Jurug.

Sesepuh ing desa Jurug yaiku informan utama, kanggo mestikne kahanane LGP. Bocah-bocah ora ana kang mangerten crita sajrone LGP babar pisan. Bisa didudut crita LGP kahanane cures. Masyarakat desa Jurug nduwe pangarep-arep utawa angen-angen kang gedhe ngenani pemberdayaan lokasi wisata ing desa Jurug yaiku Grojogan Pletuk. Grojogan Pletuk dikelola karo desa, ora ana bantuwan utawa campur tangan saka dhaerah utawa teka Dinas Pariwisata kanggo ngelola Grojogan Pletuk.

### Pamayoga

Adhedhasar analisis kang diandharake, panulis nduweni pepenginan supaya tulisan iki nduweni paedah kanggo nyengkuyung supaya kasusastran Jawa bisa ngrembaka, menehi pamawas ngenani pangetrepe tintingan sosiologi sastra kang nyangkup moralitase. Konsep moralitase kang digunakake kanggo mbiyantu andharan sosiologi sastra kasebut bisa ditindakake kanggo ngerten kwalitas manungsa kang bener lan becik nalika diadhepake ing tengah masyarakat Jawa lan kaluwarga. Bisa netepake kepriye sejatine kudu urip ing tengah masyarakat Jawa kanthi kaidah-kaidah moralitas kang wis dadi pathokane.

Saliyane iku, panulis uga nduweni pangarep-arep supaya tulisan iki bisa nambah pangerten tumrap panulis lan pamaos, kanggo nambah kawruh ngenani sastra lan panlitén sastra. Panlitén iki mligine ngrembug babagan gegambaran moralitas lan fungsi moralitas

sajrone cerbung *Nggayuh Lintang*. Panliten iki uga dikarepake kanggo referensi panliten-panliten liyane kang saemper, saengga bisa ngandharake tintingan kang luwih jembar lan luwih jero kawruhe. Minangka bahan informasi yen sajrone reriptan sastra iku kinandhut piwulangan kang migunani kanggo panguripan. Uga bisa didadekake bahan rujukan sajrone pasinaon sastra mligine sastra Jawa ing perguruan tinggi lan sekolah.

Panliten iki dikarepne bisa ndadekake pamrayoga lan renungan marang pihak-pihak pendhidhikan kanggo ndadekake budaya lokal dadi media pembelajaran. Ana sawenehe pamrayoga kang wigati tumrap LGP ing mangsa ngarep. Bab iki minangka palengkape dudutan kang wis diandharake mau. Pamrayoga ngandharake sawenehe cara, mula saka kuwi anane pamrayoga kuwi uga migunani tumrap panliten kabudayan iki.

Panliten LGP ngupayakne bisa ngandharake nilai budaya lokal yaiku folklore lisan kang wujude crita rakyat kang isih wutuh ngantri saprene nanging rada dilalekne. Amarga rada dilalekne panliten iki dikarepne bisa dimangertenin yen sejatiné crita rakyat nduweni nilai-nilai kang migunani sajrone pambelajaran ing sekolah.

LGP kalebu asile kabudayan mesthi wae mbutuhake masyarakat panyengkuyunge yaiku masyarakat desa Jurug, Dinas Pariwisata, lan Pamrentah. Panliten ngenani legendha iki kalebu tuladha kanggo nguri-uri kabudayan supaya ora ilang lan ketutupan kabudayan manca.

## KAPUSTAKAN

Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian*. Jakarta: PT. Rineka Cipta

Ahimsa-Putra. 2001. *Strukturalisme Levi-Strauss: Mitos dan Karya Sastra*. Yogyakarta: Galang Press.

Budi, Setya, 2007. *Mengenal lebih dekat sejarah Desa Jurug dan Obyek Wana Wisata Grojogan Plethuk*. Ponorogo: Sekertariat Desa Jurug

Danandjaja, James. 1984. *Folklor Indonesia ilmu gosip, dongeng, dan lain-lain*. Jakarta: PT Temprint.

..... 2007. *Folklor Indonesia*. Jakarta: PT Pustaka Utama Grafiti.

Endaswara, Suwardi. 2009. *Metodologi Penelitian Folklor*. Yogyakarta: Media Pressindo.

Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara Yang Terlupakan: Pengantar Studi Sastra Lisan*. Surabaya: HISKI.

<https://id.m.wikipedia.org/wiki/Pucangro,-Gudo,-Jombang>.

Koentjaraningrat. 1984. *Manusia dan Kebudayaan di Indonesia*. Jakarta: Djambatan

..... 1987. *Kebudayaan, Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama

..... 1990. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: PT Rineka Cipta.

Lantini, Endah Susi dkk. 1996 *Refleksi Nilai-Nilai Budaya Jawa Dalam Serat Suryaraja*. Jakarta: Gramedia

Maryaeni. 2005. *Metode Penelitian Budaya*. Jakarta: Bumi Aksara

Moleong, Lexy J. 2009. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosda karya

Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press

Ong, Walter J. 2013. *Kelisanan dan Keaksaraan*. Yogyakarta: Gading Publishing.

Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Sudikan. 2001. *Metode Penelitian Sastra Lisan*. Surabaya: Citra Wacana.

..... 2014. *Metode Penelitian Sastra Lisan*. Lamongan: CV Pustaka Ilalang Group.

Sukarmen. 2007. *Bahan Ajar Pengantar Kebudayaan Jawa*. Surabaya: Bintang Surya

Sulaeman. Munandar. 1998. *Ilmu Budaya Dasar*. Bandung: PT Refika Aditama

Supratno, Haris. 2010. *Sosiologi Seni*. Surabaya: Unesa University Press.

Teeuw. 1994. *Indonesia Antara Kelisanan Dan Keberaksaraan*. Jakarta: Pustaka Jaya

Tim balai Bahasa Yogyakarta. 2001. *Kamus Basa Jawa (Bausastra Jawa)*. Yogyakarta: Kanisius S.

Tim Penyusun Kamus. 2005. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka